Муниципальное бюджетное дошкольное образовательное учреждение
«ДЕТСКИЙ САД №1 «СКАЗКА» С.АГИШТЫ
ШАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА»

Конспект организованной образовательной деятельности

на тему:

«Нохчийн цIийнан интерьер».

Подготовила:
воспитатель: Прогунова А.В.

СОГЛАСОВАНО:
Старший воспитатель
_________Э.Ю. Ибрагимова
«07» 04. 2023 год.

с.Агишты 2023 год.

**тема:** Нохчийн цIийнан интерьер.

**Iалашо:** берашна нохчийн къоман хьалхлера Iер-дахар дIагайтар, вайнехан гIиллакхашка безам кихор, царах цхьадерш карладаккхар.

**ТIедахкарш:**

**-** берашна нохчийн доьзалан хьалхалера кхерч, церан Iердахаран хIуманаш (пеш, урчакх, ага и д.кх.) йовзийтар.

- хьекъалан семалла кхиор, берийн хаарш шардар, церан вайнехан гIиллакхаш довзарехь само кхиор;

- берийн исбаьхьаллин кхолларалла кхиор;

**Кхечу дакъошца зIе:** исбаьхьаллин хазалла кхиор, къамел кхиор, социально-коммуникативный кхиор, гонахара дунье довзар кхиор, физически кхиор.

**ГIирс:** телевизор, тIорказан, стогаран, кIудалан, аганан суьрташ.

**Заняти дIайахьар**

Бераш гонаха гIанташ тIехь хевшина ду. Экран тIехь гойту суьрташ нохчийн цIа чуьра хIинцалера хьал-бахам (интерьер) гойтуш ду.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Бераш, стенах лаьцна дара вай хьаьвсина суьрташ?

- Хьан йохур йара чохь йолчу хIуманийн цIераш?

- Дайм хиллий-те нохчийн хIусамехь иштта хIуманаш?

- Ган лаьий шуна, хьалха вай ден дай, ден наной муха Iийна? Баба Халимат йолче хьошалгIа гIой вай? *(кхиорхо, бераш баба йолче доьлху.)*

*Кхетош- кхиорхо:*

- Де дика хуьлда, баба Халимат!

*Баба Халимат:*

- Маьрша догIийла шу, хьоме хьеший!

*Кхетош- кхиорхо:*

- Баба, муха йу хьан могашалла?

*Баба Халимат:*

- Баркалла, дик йу со.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Тхан бераш дра вайнехан кхерчара хIуманаш а, Iер-дахаран башхаллаш а йовза лууш. Ма дукха йу хьан чохь хьалхалера хIуманаш.

- Ас хIетал-метал олу шуьга, тида иза:

*Аьхка рагIу кIелахь йогу,*

*Iай цIа чохь йогу,*

*Бага гIаттийча чу мел кхоьссинарг,*

*Кхоллий, дIайоьхуьйту. (Пеш)*

*Бераш:*

- И пеш йу.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Пеш – иза цIийнан дог ду. Цо бузош хилла доьзал, дохдеш хилла цIа. Iуьйренца , ша самайоллушехь, хIусамнанас латош хилла пеш. Нохчочун хIусамехь тIех бахамаш ца хилла: дечкан маьнга а, стол а. Цара вайнехан дахарехь йоккха меттиг дIалоцуш хилла: бухатосуш, тIетосуш, пенаш кечдеш, чоьнаш йохйеш лелош хилла инстангаш. Пенах тухуш тIаьхьо кузаш а хилла, делахь уьш эца таро ца хилла, цхьа наггахь волчун бен. - Баба, ма хаза сундук йу хьан. И станна лелош хилла?

*Баба Халимат:*

- Бераш, цунах тIорказ олу.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Муьлхха а нохчийн доьзалехь хилла тIорказ. И лелош хилла шкафан метта а, тIейуху хIума чу йуьллуш, гIантан метта а, чамди метта а гена воьдуш.

- Алий вай массара цхьаьна – «тIорказ». *(Шинга-кхаанга олуьйту.)*

*Кетар - кхиархо:*

- Ткъа пхьегIаш муьлханаш лелош хилла хаа лаьи шуна?

*Кхетош- кхиорхо:*

- Нохчаша  лелош хилла дечкан а, цIестан а, кхийра а пхьегIаш. Кхийран пхьегIашна те1хула тIе дуьллуш хилла Iаламан йа геометрически тIамаршца сир.

- Баба, хьан шортта йу дечкан пхьегIаш. Дийцахьа, уьш муха йеш хилла.

*Баба Халимат:*

- Дечкан  пхьгIаш йеш хилла пхьеран станокашца, ткъа уьш хьийзаш хилла ломан сихачу буьрсачу хица. Уггар айдийчу попан а, хьехан а дечкех йеш хилла пхьегIаш а, кхийолу хIусамехь дахарна оьшу гIирсаш: чкъургийн чIунаш (спицаш), черма (бочка), говр-вордана  оьшу хIуманаш.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Бераш, вайн дахарехь йоцуш йишйоцург кхин хIун йу?

*Бераш:*

- Хи ду.

*Кхетош- кхиорхо:*

- Нийса боху. Хи доцуш йиш йац. Хьалхалерчу хенахь хи генара дан дезаш дара. Хи дахьаш лелош иштта кIудал йара. *(Гойту  кIудал.)* Хи лелош  йолчу кIудалан готта бертиг хилла, берийн  куьг халла бен чу ца доьдуш.

**Дешнаш тIехь болх:**

- Алал массара: цIеста – медный, кхийра – глиняный, кIудал – кувшин. *(Бераша цхьаьна кIудал олу, йуха шимма-кхаамма олу.)*

*Кхетош- кхиорхо:*

- Серлонна лелош стогар бара. *(Гойту.)* ХIокху чу мехкадаьтта дуттура, кху йуккъехь милт йу, иза иштта хьовзош йу, йаьгна дIайаьлча, хуьйцура. ТIедуьллуш аьнгалин шиша лу. Лерина цIена лело дезаш дара иза.

**Дешнаш тIехь болх:**

- Массара алал – стогар. *(Бераша  олу- стогар.)*

- Баба, доккха баркалла ду хьуна. Шорта керла хIуманаш дийци ахь тхуна нохчийн кхоман Iер-дахарх лаьцна. Ткъа хIинца тхо дIадаха деза берийн беша.

_Баба Халимат:_

- Шуна а ду баркалла со йолче дахкарна. ВогIург везаш йу со. Шуна совгIаташ а кечдина ас- сайн бешара мерза Iежаш.

_Бераш:_

- Дала сагIабойла Iежаш, Баба, Iодика йойла.

_Баба Халимат:_

- Iодика йойла, сан диканаш!

***СадаIаран минот:***

*Карзахдаьлла гаки вайн,*

*Олилай- болилай!*

*Ага тахко деза дайн,*

*Олилай- болилай!*

*Дижий дала, жиманиг,*

*Баьргаш хьаббе, хазаниг.*

*Амма гаки дижац дIа,*

*БIаьргаш бетташ иза Iа.*

*Собар, собар! ГIар ма йе!*

*Шабарш ца деш, IаддаIе,*

*Дита кIорни дижа аш,*

*Наб йу цунна тIегIерташ.*

*Дазлуш лаьтта гакин бIаьргаш,*

*Бага йу цо шуьйра гIиттош.*

*Баьргаш хьаббе, наб озий,*

*Эххар гаки дIадижи.*

**Практикин дакъа.**

*-Бераш , хьенах йина яра баби пхьег1аш ?(дечигех ,поппарах*

*-Вай йийра ю пхьег1аш ,амма вайнаш пластелинах хир ю .*

***ЖамI дар.***

**Рефлекси йар.**

- Бераш, дийцийша суна, шу тахана хьаьнга хьошалгIа дахнера? *(Берийн жоьпаш.)*

- Керла хIун девзира шун тахана? *(КIудал стенах олу, стогар хIун йу.)*

- Уггар хаза хIун хийтира? *(ПхьегIаш йеш ролик хьожуш)*